

KAJIAN INFERENSI SALEBETING WACANA MURAL BASA JAWI WONTEN ING KITHA YOGYAKARTA

Arif Rohmawan
12205244039
Mulyana

Sarining Panaliten

Panaliten menika kangge ngandharaken bab *inferensi* salebeting wacana *mural* basa Jawi wonten ing Kitha Yogyakarta. Saking menika, ancasing panaliten, kangge ngandharaken jinising *inferensi* salebeting wacana *mural* basa Jawi adhedhasar wosing wacana. Salajengipun panaliten menika ugi kangge ngandharaken *fungsi inferensi* salebeting wacana *mural* basa Jawi wonten ing Kitha Yogyakarta. Perkawis menika dipunwastani mirunggan dipunandharaken supados makna salebeting wacana *mural* basa Jawi saged dipunmangertosi pamaos. Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. Asiling panaliten menika kaandharaken, jinising *inferensi* ingkang kapanggihaken salebeting wacana *mural* basa Jawi wonten ing Kitha Yogyakarta inggih menika, 1) *inferensi* wacana *politik*, 2) *inferensi* wacana *sosial*, 3) *inferensi* wacana *ekonomi*, 4) *inferensi* wacana *budaya*, 5) *inferensi* wacana *hukum* saha *kriminalitas* saha 6) *inferensi* wacana *olahraga* saha *kasarasan*. Jinising *inferensi* salebeting wacana *mural* basa Jawi ing Kitha Yogyakarta ingkang kathah kapanggihaken inggih menika *inferensi* wacana *sosial*. Dene jinising *inferensi* salebeting WMBJ ing Kitha Yogyakarta ingkang sekedhik kapanggihaken inggih menika *inferensi* wacana *olahraga* saha *kasarasan*. Salajengipun, *fungsi inferensi* ingkang kapanggihaken salebeting wacana *mural* basa Jawi wonten ing Kitha Yogyakarta inggih menika, minangka 1) *sindiran*, 2) *panyaruwe*, 3) *pamrayogi* saha 4) *pangajeng-ajeng*. *Fungsi inferensi* ingkang kathah kapanggihaken inggih menika minangka *pamrayogi*. Dene *fungsi inferensi* ingkang langkung sekedhik kapanggihaken inggih menika minangka *pangajeng-ajeng*.

Pamijining tembung : *kajian inferensi, wacana mural, Kitha Yogyakarta*

Abstract

This research is to explain about the inference passage mural Javanese city of Yogyakarta. From here, Deluxe research, to describe a type of inference in discourse mural based on varying language discourse. Further research is also to explain the function of the inference passage mural Javanese city of Yogyakarta. This is considered unusual in the sense that he was not the passage murals can be seen in Javanese language readers. This research are descriptive study. The result of this study expresses, type inference is found in the passage murals Javanese city of Yogyakarta in is, 1) the inference of political discourse, 2) inference social discourse, 3) inference economic discourse, 4) cultural discourse inference, 5) legal discourse inference and crime, and 6) the inference passage sports and health. Type inference in discourse mural Javanese city of Yogyakarta in which many found was the inference of social discourse. The type inference in the city of

Yogyakarta WMBJ pragmatism was found inference passage sports and health. Furthermore, the inference is found in the passage murals Javanese city of Yogyakarta in is, as 1) innuendo, 2) criticism, 3) any suggestions and 4) hope. Functions that are common inference is suggested as. The inference functions more fraction was found as hope.

Keywords: survey inference, the passage murals, city Yogyakarta

A. PURWAKA

Basa minangka *sarana* kangge ngaturaken *informasi* salebeting *komunikasi* antawisipun manungsa. Lumantar basa asiling penggalih saged kaandharaken saha katampi maksudipun dening tiyang sanes. Asiling penggalih menika, kaandharaken lumantar basa lisan saha seratan. Wujud *komunikasi* mawi basa lisan tuladhanipun *mural*. Wacana *mural* wujudipun ukara saha gambar paraga, perkawis saha prastawa gesang wonten ing masyarakat, ingkang dipunserat kanthi ancas ugi maksud tartamtu.

Wacana *mural* asring kapanggihaken wonten ing Kitha Yogyakarta. Wujud wacana *mural* wonten ing Kitha Yogyakarta, seratan ukara mawi basa Jawi saha gambar-gambar ingkang nedahaken perkawis *sosial*, *politik*, kabudayan, *ekonomi* lan sanes-sanesipun. Wontenipun *pesan* salebeting wacana menika boten kathah pamaos ingkang nggatosaken, kejawi mekaten menawi pamaos boten saged mendhet dudutanipun. Ningali kawontenan mekaten wonten pambengan anggenipun nampi makna ingkang dipunewrat salebeting wacana *mural* basa Jawi ing wilayah Kitha Yogyakarta. Satemah wonten ing panaliten menika dhasar teori *kajian inferensi* kawastanan jumbuh dipunginakaken.

Kajian *inferensi* kawastanan jumbuh menawi dipunginakaken minangka *teori* dhasar salebeting panaliten menika. Amargi *inferensi* menika *proses* ingkang kedah dipunlampahi dening pamiarsa utawi pamaos kangge mendhet dudutan saking satunggaling wacana. Minangka cara kangge mendhet *inferensi* saha ancasing panyeratan saking WMBJ, katemtukaken saking jinis *inferensi* saha *fungsi inferensi*.

B. GEGARAN TEORI

1. Wacana

Miturut Douglas (lumantar Mulyana, 2005: 3) “wacana” mila bukanipun saking basa Sansekerta, dipunpendhet saking tembung *wac/wak/vak*, tegesipun ‘matur’ utawi ‘ngendika’. Salajengipun tembung menika ewah saha ngrembaka dados tembung “wacana.” Dene miturut Mulyana (2005: 3), bilih wacana tegesipun “*perkataan*” utawi “*tuturan*.” Dene Moeliono (1988: 34) ngandharaken bilih wacana inggih menika, “*renteten kalimat yang berkaitan sehingga terbentuklah makna yang serasi diantara kalimat itu.*”

Salajengipun Kridalaksana (2011: 259), mrathelakaken bilih wacana inggih menika, perangan basa ingkang langkung jangkep *unsur-unsur* salebetipun, dipunwujudaken lumantar *satuan*

gramatikal ing saandhapipun wacana. Meh sami kaliyan ingkang dipunandharaken, Tarigan (1987: 27) mahyakaken bilih wacana inggih menika *satuan* basa ingkang langkung jangkep saha langkung inggil ugi paling ageng sainggilipun ukara utawi *klausa*, kanthi *kohesi* saha *koherensi* ingkang *berkesinambungan*, gadhah wiwitan ugi pungkasan ingkang cetha, dipunandharaken lumantar lisan menapa dene seratan.

Saking sedaya pamanggih wonten ing inggil, saged dipunpendhet dudutanipun bilih wacana inggih menika, (1) andharan utawi *tuturan satuan*, (2) sedaya tuturan ingkang gegayutan saha gadhah makna (3) *satuan* basa ingkang *relatif* langkung *kompleks*, langkung inggil saha langkung jangkep, kanthi *kohesi* saha *koherensi* ingkang *berkesinambungan*.

2. Wetahing Struktur Wacana

Wacana ingkang wetah miturut Mulyana (2005: 25) inggih menika wacana ingkang ngewrat perangan-perangan basa ingkang jangkep, ateges ngewrat *aspek-aspek terpadu*. *Aspek-aspek* menika antawisipun *kohesi*, *koherensi*, *topik* wacana, *aspek leksikal*, *aspek gramatikal*, saha *aspek semantis*.

3. Unsur-unsur Wacana

Miturut Mulyana (2005: 7) wacana gadhah kalih *unsur* panyengkuyung ingkang utama, inggih menika *unsur internal* wacana saha *unsur eksternal* wacana. *Unsur-unsur kasebat* inggih menika *unsur internal* wacana karantam saking tembung saha ukara. Salajengipun *unsur-unsur eksternal* wacana minangka panyengkuyung wetahipun

wacana. Dene ingkang kalebet *unsur-unsur eksternal* wacana antawisipun, *implikatur*, *presuposisi*, *referensi*, *inferensi* saha *konteks*.

a. Inferensi

1) Pangertosan Inferensi

Miturut Echols saha Hasan (lumantar Mulyana, 2005: 19) tembung *inferensi* utawi *inference* kanthi *leksikal* tegesipun “dudutan.” Jumbuh kaliyan pamanggih ing inggil, Brown saha Yule (1996: 33) mrathelakaken bilih *penganalisis* wacana kadosta pamiarsa utawi pamaos boten saged mangertosi makna salebeting wacana kanthi langsung, utawi sesarengan kaliyan *penutur* ngandharaken wacana.

Dados *inferensi* inggih menika *proses* mendhet dudutan ingkang kedah dipunlampahi dening pamiarsa utawi pamaos kangge mangertosi makna salebeting wacana ingkang boten kaandharaken kanthi langsung dening pamicara utawi panyerat adhedhasar *situasi* saha *konteks* wacananipun.

2) Jinising Inferensi

Jinising *inferensi* adhedhasar *klasifikasi* wosing wacana miturut Mulyana (2005: 56) kaperang dados 7, inggih menika.

a) Inferensi Wacana Politik

Miturut Syaokani saha Thohari (2004: 21) tembung *politik* mila bukanipun saking basa *Belanda* “*politiek*” ingkang gadhah teges “*belied*” ingkang tegesipun *kebijaksanaan*. Salajengipun Syaokani saha Thohari (2004: 22) ngandharaken bilih *politik* inggih menika reroncening *konsep*, cara saha *asas* ingkang dados dhasar pamarentah saha *pemimpin* anggenipun nemtukaken *kebijakan*.

Dene titikanipun *inferensi* wacana *politik*:

- (1) Wacana *politik* ngginakaken *istilah-istilah* ingkang winates.
- (2) Wacana *politik* ngewrat *kebijakan* nagari, *siasat*, *sistem* pamarentah, *strategi* partai *politik*, panguwasa, lan sapinunggalanipun.

b) *Inferensi* Wacana *Sosial*

Miturut Hartono saha Arnian (1999: 329) perkawis *sosial* inggih menika perangan bab ingkang ngrembag perkawis-perkawis wonten ing lingkungan masyarakat kadosta *pendidikan*, *Sumber Daya Manusia* (SDM), winatesipun *sumber daya alam* (SDA) saha *winatesipun lapangan kerja*. Dene titikanipun *inferensi* wacana *sosial*:

- (1) Wacana *sosial* adatipun ngginakaken *istilah-istilah* ingkang gegayutan kaliyan bab gesang saben dinten.
- (2) Wacana *sosial* ngewrat bab ingkang gegayutan kaliyan kawontenan masyarakat saha perkawis-perkawis ingkang tuwuh ing lingkungan.

c) *Inferensi* Wacana *Ekonomi*

Miturut Hudiyanto (2004: 43) perkawis-perkawis *ekonomi* menika antawisipun, ngewrat kabetahan *primer* saha *skunder* manungsa, ngrembag babagan *pendapatan rumah tangga* saha *lowongan pekerjaan*. Dene titikanipun *inferensi* wacana *ekonomi*:

- (1) Wacana *ekonomi* adatipun ngginakaken *istilah-istilah* tartamtu.
- (2) Wacana *ekonomi* ngewrat kabetahan *primer* ugi *skunder* manungsa, lsp.

d) *Inferensi* Wacana *Budaya*

Miturut Suranto (2010: 55) perkawis-perkawis ingkang kawastanan budaya menika antawisipun, panganggenipun pirantos *komunikasi*, lan sapinunggalanipun. Dene titikanipun *inferensi* wacana budaya:

- (1) Wacana budaya adatipun ngginakaken *istilah-istilah* tartamtu.
- (2) Wacana budaya ngewrat bab *kebiasaan* ingkang asring dipuntindakaken dening masyarakat.

e) *Inferensi* Wacana *Militer*

Miturut Alwi (2005: 744) *militer* inggih menika sedaya ingkang magepokan kaliyan *seluk beluk tentara*, *instansi keamanan* saha perkawis-perkawis ing salebetipun. Dene titikanipun *inferensi* wacana *militer*:

- (1) Wacana *militer* ngginakaken *istilah-istilah kemiliteran*.
- (2) Wacana *militer* ngewrat perkawis ingkang gegayutan kaliyan dunya *militer*.

f) *Inferensi* Wacana *Hukum* saha *Kriminalitas*

Miturut Alwi (2005: 410) *hukum* inggih menika paugeran ingkang gadhah sipat *mengikat* saha *memaksa*. *Hukum* minangka tatanan tindak tandukipun tiyang gesang ing satunggaling wilayah. Dene *kriminalitas* miturut Alwi (2005: 600) inggih menika perkawis-perkawis ingkang gadhah sipat *kejahatan*, tumindak ingkang boten *patuh* dhateng *hukum*. Titikanipun *inferensi* wacana *hukum* saha *kriminalitas*:

- (1) Wacana *hukum* saha *kriminalitas* ngginakaken *istilah-istilah* tartamtu..

- (2) Ngewrat bab ingkang gegayutan kaliyan *hukum saha kriminalitas*.
- g) *Inferensi Wacana Olahraga* saha Kasarasan
Miturut Alwi (2005: 796) *olahraga* inggih menika gerak badan supados badan saged kiat saha sehat. Dene kasarasan miturut Alwi (2005: 1011) inggih menika kawontenan badan ingkang sae utawi boten gerah.. Titikanipun *inferensi wacana olahraga* saha kasarasan:
- Wacana *olahraga* saha kasarasan ngginakaken *istilah-istilah* tartamtu.
 - Ngewrat bab *olahraga* kadosta *atletik, sepak bola,* lan sapinggalanipun.
 - Wacana ngewrat bab *olahraga* saha kasarasan.
- 3) *Fungsi Basa*
Miturut Tarigan (1987: 5) basa gadhah *fungsi komunikatif* inggih menika minangka pirantos *komunikasi* antawisipun pihak satunggal minangka pamicara dhateng pihak sanesipun minangka pamiarsa. Salajengipun Fajriatun (2014: 22) mrathelakaken bilih *fungsi tuturan* salebeting wacana kaperang dados 4 antawisipun, minangka 1). *sindiran*, 2). *panyaruwe*, 3). *pamrayogi* saha 4). *Pangajeng-ajeng*. Pramila pancadaning *fungsi inferensi* salebeting panaliten menika ngginakaken pamanggih wonten ing inggil..
- Sindiran*
Miturut Alwi (2005: 1069) *sindiran* inggih menika *ejekan* utawi nyacat ingkang dipunaturaken kangge tiyang sanes. Titikanipun *sindiran*:
(1) *Sindiran* dipunandharaken ancasiipun kangge ngala-ala.
 - Sindiran* dipunandharaken kanthi cara boten langsung.
 - Sindiran* padatanipun ngginakaken basa ingkang alus.
- Panyaruwe*
Miturut Alwi (2005: 601) *panyaruwe* inggih menika andharan ingkang awujud *kecaman* utawi *tanggapan*. Titikanipun *panyaruwe*:
(1) Andharan *panyaruwe* awujud pambiji ingkang gadhah ancasi sae.
(2) *Panyaruwe* ngginakaken *pertimbangan* dhateng ala becikipun kawontenan.
(3) *Panyaruwe* ngewrat *solusi pemecahan* kangge mungkasi perkawis.
(4) *Panyaruwe* gadhah sipat mbangun, *tegas* saha paring daya pangaribawa.
- Pamrayogi*
Pamrayogi miturut Alwi (2005: 998) inggih menika pamanggih (*usul, anjuran, cita-cita*) ingkang dipunwahyakaken minangka *pertimbangan*. Titikanipun *pamrayogi*:
(1) *Pamrayogi* ngewrat pamanggih utawi ngleresaken dhateng perkawis ingkang kawastanan *lemah* saha kirang prayogi.
(2) *Pamrayogi* minangka usaha kangge mungkasi perkawis tartamtu.
(3) *Pamrayogi* ancasiipun kangge mbangun saha nggulawenthah bab tartamtu.
- Pangajeng-ajeng*
Miturut Alwi (2005: 388) *pangajeng-ajeng* inggih menika satunggaling babagan utawi perkawis ingkang dipunangen-angen (dipunkajengaken) saged kaleksanan saha saged dados kasunyatan. Titikanipun *pangajeng-ajeng*:

- (1) Pangajeng-ajeng ngewrat pamanggih perkawis ingkang dipunkajengaken.
- (2) Pangajeng-ajeng adatipun nggambaraken pangajab dhateng kawontenan ingkang sae.
- (3) Pangajeng-ajeng minangka wujud saking satunggaling perkawis.

1. *Prinsip Pemahaman Wacana*

Mulyana (2005: 70) mahyakaken bilih kangge mangertosi maksud satunggaling wacana dipunbetahaken *prinsip-prinsip pemahaman wacana*. *Prinsip pemahaman wacana* menika kaping dados kalih inggih menika *prinsip analogi* saha *prinsip penafsiran lokal* ingkang kaandharaken wonten andhap menika.

a. *Prinsip Analogi*

Brown saha Yule (1996: 64) mrathelakaken bilih *prinsip analogi* inggih menika cara *menafsirkan wacana kanthi pengalaman* utawi *ilmu pengetahuan* minangka cara kangge nganalisis kawontenan ingkang dipunpanggihi. Pamanggih menika dipunsengkuyung dening Mulyana (2005: 71) ingkang ngandharaken bilih *prinsip analogi* inggih menika cara mangertosi makna salebeting wacana adhedhasar nalar utawi *pengetahuan umum, wawasan* ingkang kathah utawi pengalaman dunya ingkang limrah (*knowledge of world*).

b. *Prinsip Penafsiran Lokal*

Brown saha Yule (1996: 58) ngandharaken bilih *prinsip penafsiran lokal* inggih menika cara *menafsirkan wacana kanthi pamiarsa* utawi pamaos boten perlu damel *konteks* ingkang wiyar saking ingkang dipunbetahaken kangge *menafsirkan* satunggaling wacana.

Dene miturut Mulyana (2005: 72) *prinsip penafsiran lokal* inggih menika cara kangge mangertosi makna salebeting wacana adhedhasar *konteks lokal* ingkang nyengkuyung wacana menika.

2. *Wacana Mural Basa Jawi*

Prayogo saha Alexander (2015) mahyakaken, tembung *mural* mila bukanipun saking basa latin, inggih menika saking tembung “*murus*” ingkang tegesipun tembok. Susanto (2002: 76) ingkang mahyakaken bilih *mural* inggih menika, *lukisan* utawi gambar ingkang mapan ing pirantos menapa kemawon kadosta tembok-tembok, minangka payengkuyung *desain arsitektur bangunan*.

Adhedhasar pamanggih wonten ing inggil, WMBJ inggih menika *lukisan* ingkang mapan wonten ing *ruang publik* antawisipun tembok-tembok bangunan saha tembok pager, ingkang arupi gambar saha seratan reroncening ukara mawi basa Jawi ingkang manunggal, satemah mujudaken satunggaling makna ingkang wetah.

C. CARA PANALITEN

Panaliten menika ngginakaken *metode* panaliten *deskriptif*. Panaliten menika badhe neliti bab *kajian inferensi* salebeting WMBJ ing Kitha Yogyakarta. WMBJ dipunteliti makna *inferensi* salebetipun, adhedhasar jinis-jinis *inferensi* saha *fungsi inferensi*, ananging boten ngewahi *data* aslinipun. Wonten ing panaliten *deskriptif* boten dipunmaksudaken kangge nguji *hipotesis*, ananging namung ngandharaken kanthi menapa wontenipun. *Data* salebeting panaliten menika awujud *tuturan* WMBJ. Sumbering *data* panaliten

menika saking *observasi* wonten ing papan ingkang ngewrat WMBJ ing wilayah kecamatan ing Kitha Yogyakarta. kanthi wekdal kirang langkung 2 wulan, antawis wulan Januari dumugi wulan Februari taun 2016.

Cara ngempalaken *data* salebeting panaliten menika kanthi *teknik* maos, *teknik dokumentasi* saha *teknik* nyathet. *Teknik* maos ing panaliten menika dipunlampahi kanthi cara: 1) ningali *mural* ingkang kapanggihaken. 2) maos WMBJ, 3) maos kanthi permati saha teliti. Salajengipun *teknik dokumentasi* dipunlampahi kanthi cara mendhet *foto* saben WMBJ ingkang minangka *data* panaliten. Cara ingkang pungkasan inggih menika *teknik* nyathet. *Teknik* menika dipunlampahi kanthi cara nyathet wacana-wacana *mural* basa Jawi ingkang sampun dipunanalisis saha dipuntandhani wonten ing *kartu data*.

Pirantining panaliten ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten inggih menika panaliti piyambak (*human instrument*), *kartu data* saha *tabel analisis*. Panaliti dados *human instrument* amargi peranan ingkang utama salebeting panaliten dipunlampahi dening panaliti piyambak. *Kartu data* dipunginakaken kangge nyerat *data* ingkang sampun kapanggihaken. *Tabel analisis* trep dipunginakaken kangge nglebetaken *data* saking *kartu data*.

Salebeting panaliten menika anggenipun nganalisis *data* ngginakaken cara *analisis deskriptif*. Tahap *analisis deskriptif* dipunlampahi kanthi cara : 1) *identifikasi*, 2) *klasifikasi* saha 3) *analisis* WMBJ wonten ing Kitha

Yogyakarta. *Identifikasi data-data* ingkang sampun kapanggihaken wonten ing *kartu data*. *Data-data* asilipun *identifikasi* salajengipun dipunklasifikasikaken, kanthi satunggal mbaka satunggal WMBJ kasebat dipunpantha-pantha miturut jinising *inferensi* saha *fungsi inferensi*. Tahap ingkang pungkasan inggih menika *data* dipunanalisis kanthi *prinsip pemahaman* wacana.

Cara ngesahaken *data* salebeting panaliten menika ngginakaken *validitas* saha *reliabilitas intrarater*. *Validitas data* kanthi ngginakaken cara *expert judgement* utawi *pertimbangan ahli*. Dene *reliabilitas intrarater* wonten ing panaliten menika, dipunlampahi kanthi cara *cek ricek* utawi *kajian berulang*. Cara ngesahaken *data* ngginakaken *cek ricek* menika dipunlampahi kanthi cara panaliti ngembali *data* kanthi saestu saha tliti.

D. ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

1. Asiling Panaliten

Asiling panaliten ing inggil menika, namung saged kapanggihaken 6 jinis *inferensi* salebeting WMBJ wonten ing Kitha Yogyakarta. Jinising *inferensi* ingkang kapanggihaken salebeting WMBJ wonten ing Kitha Yogyakarta inggih menika 1) *inferensi* wacana *politik*, 2) *inferensi* wacana *sosial*, 3) *inferensi* wacana *ekonomi*, 4) *inferensi* wacana *budaya*, 5) *inferensi* wacana *hukum* saha *kriminalitas* saha 6) *inferensi* wacana *olahraga* saha kasarasan. Dene *fungsi inferensi* ingkang kapanggihaken salebeting WMBJ wonten ing Kitha Yogyakarta inggih menika minangka 1) *sindiran*,

2) panyaruwe, 3) pamrayogi saha 4) pangajeng-ajeng.

2. Pirembagan

a. Jinising *inferensi* Salebeting WMBJ wonten ing Kitha Yogyakarta

1) *Inferensi* Wacana *Politik*

O1: Penak to le jamanku...

korupsi iso rame-rame?

O2: Nilai Macam Apa Yang Akan Kita Wariskan?

Data (3/04-01-2016)

Inferensi saking WMBJ saged dipunpendhet mawi *prinsip analogi* (PA) saha *prinsip penafsiran lokal* (PPL). Mawi PA *inferensi* salebeting *data* (3) *korupsi* inggih menika tumindak *penyelewengan* saha *penyalahgunaan* arta nagari ingkang dipunginakaken kangge dhiru pribadhi utawi golongan. Dene *korupsi* rame-rame menika tegesipun, *korupsi* ing jaman samenika boten namung dipuntindakaken piyambak, ananging saged satunggal kelompok utawi golongan wonten ing lingkungan pamarentah. Tumindak menika asring dipuntindakaken dening *pemimpin*, *pejabat* pamarentah saha *pejabat* nagari. *Korupsi* kalebet tumindak ingkang awon, satemah kalebet piwulang ingkang boten prayogi menawi dipunwarisaken dhateng *generasi* saha *pejabat* pamarentah ingkang badhe dhateng. Kawontenan menika nuwuhaken piwulang ingkang boten prayogi, inggih menika tumindak saking para pangarsa saha *pejabat* pamarentah minangka tuladha kangge rakyat.

Dene mawi PPL *data* (3) nggambaraken *pejabat* kanthi mustaka ingkang nembe gemujeng sinambi ngendika bilih *korupsi* wonten ing jaman samenika saged

sareng-sareng. Perkawis menika adhedhasar *tuturan* salebetipun *data* inggih menika “penak to le jamanku? Korupsi iso rame-rame.” Dene gambar tiyang kathi *tuturan* bab *nilai* ingkang dipunsebataken salebeting *data* (3) ing inggil, inggih menika *nilai* ala becik ingkang badhe dipunwarisaken kangge *generasi* ingkang badhe dhateng. Bab menika jumbuh kaliyan *tuturan* ingkang nyengkuyung *data* inggih menika ‘*nilai macam apa yang akan kita wariskan?* Inggih menika piwulang menapa ingkang badhe dipunwarisaken.

Mawi *prinsip pemahaman* wacana kados wonten ing inggil menika, *data* (3) saged dipunpendhet *inferensi* “*korupsi* wonten ing jaman samenika dipuntindakaken kanthi cara sesarengan dening para *pemimpin* saha *pejabat* pamarentah, satemah nuwuhaken piwulang awon menawi dipunwarisaken.” *Inferensi* menika kalebet jinis *inferensi* wacana *politik*. Titikanipun *data* (3) menika kalebet *inferensi* wacana *politik* inggih menika, 1) ngginakaken *istilah-istilah* ingkang winates dipunginakaken salebeting wacana *politik*, inggih menika KKN (*korupsi*, *kolusi*, *nepotisme*) dening para *pemimpin* saha *pejabat*, 2) ngewrat *siyasat* para panguwasa saha KKN (*korupsi*, *kolusi*, *nepotisme*) ingkang dipuntindakaken dening para *pejabat*. *Korupsi* dening para pejabat pamarentah minangka tumindak awon, kalebet *piwulang* ingkang kirang prayogi menawi dipunwarisaken dhateng *generasi* ingkang badhe dhateng.

2) *Inferensi* Wacana *Sosial*

Saking WMBJ ing inggil wonten *tuturan* kados menika:

Lucunya Negeri Ini
O1: Endi Sek Indonesia? Jare Wes
Merdeka!

O2: (Samseng Made In Korea),
(Oploo Shirt Made In Usa),
(Levizz Made In Usa), (Apel
Kecokot Made In Usa)
Data (44/06-02-2016)

Inferensi saking WMBJ saged dipunpendhet mawi *prinsip analogi* (PA) saha *prinsip penafsiran lokal* (PPL). Mawi PA data (44) saged dipunmangertosi bilih masyarakat Indonesia kawontenanipun kawastanan lucu. Samenika taksih dipunjajah dening nagari sanes, amargi barang-barang ingkang sami dipunangge masyarakat Indonesia langkung kathah dipundamel njawi nagari. Antawisipun *samseng* menika minangka plesetan saking *samsung* tegesipun *merk telpon* saking *Korea*, *oploo shirt* menika minangka plesetan saking *polo shirt* tegesipun *kaos* saking *Amerika*, *Levizz* menika minangka plesetan saking *leviz* tegesipun *merk celana* saking *Amerika* saha *Apel Kecokot* menika minangka plesetan saking *aple* tegesipun *merk tablet telpon* saking *Amerika*. Masyarakat Indonesia remen ngginakaken barang-barang menika. Kathah masyarakat ingkang mastani barang-barang saking njawi nagari langkung sae tinimbang barang-barang ingkang dipundamel tiyang Indonesia, kepara wonten pamanggih bilih *sumber daya manusia* (SDM) ing Indonesia dereng saged damel barang-barang kados ingkang dipundamel nagari sanes. Kawontenan menika nuwuhaken perkawis *sosial* ingkang njalari *sumber daya manusia* (SDM) masyarakat Indonesia boten saged ngrembaka, amargi langkung remen

mundhut saking njawi nagari tinimbang damel.

Dene mawi PPL data (44) nggambaraken kalih tiyang ingkang nembe wawanpangandikan, ingkang sepisan wonten gambar kanthi *tuturan* “endi sik Indonesia jare wis merdeka,” jumbuh kaliyan *tuturan* ingkang nyengkuyung data inggih menika “*lucunya negeri ini.*” Salajengipun wonten tiyang ingkang ngasta saha ngangge *barang-barang* tartamtu saking njawi nagari, ketinggal saking *tuturan* ingkang nedahaken *barang-barang* menika dipundamel saking nagari tartamtu.

Mawi *prinsip pemahaman* wacana kados ing inggil menika, data (44) saged dipunpendhet *inferensi* “nagari Indonesia taksih dipunjajah kanthi barang-barang saking nagari sanes ingkang dipunginakaken dening masyarakat Indonesia.” *Inferensi* menika kalebet jinis *inferensi* wacana *sosial*. Titikanipun data (44) menika kalebet *inferensi* wacana *sosial* inggih menika, 1) ngginakaken *istilah-istilah* ingkang gegayutan kaliyan bab gesang saben dinten mliginipun bab sandhang saha kabetahan sanes, inggih menika *istilah merk* kadosta *samseng*, *oploo*, *levizz* saha *apel kecokot*, 2) ngewrat bab ingkang gegayutan kaliyan kawontenan masyarakat saha perkawis-perkawis ingkang tuwuh ing lingkungan padintenan inggih menika masyarakat Indonesia ingkang langkung remen ngginakaken barang-barang saking njawi nagari.

3) *Inferensi Wacana Ekonomi*

Jos Guede Tenan
Lebih Besar, Gurih Muuuantep
Tenan
www.djarum76.com

Data (43/06-02-2016)

Inferensi saking WMBJ saged dipunpendhet mawi *prinsip analogi* (PA) saha *prinsip penafsiran lokal* (PPL). Mawi PA data (43) saged dipunmangertosi bilih *jos guede tenan* minangka plesetan saking *jos gedhe tenan*, inggih menika *tuturan kangge ngandharaken raos marem dhateng satunggaling kawontenan utawi barang*. Dene *djarum 76* inggih menika salahsatunggaling *merk rokok* ingkang kathah dipunsade wonten ing pundi-pundi papan. *Djarum 76* dipunremeni tiyang kathah amargi kawentar *rokok* ingkang wujudipun ageng saha wosipun madhet.

Dene mawi PPL data (43) nggambaraken *rokok* ingkang wujudipun ageng saha mantep. Perkawis menika jumbuh kaliyan *tuturan* “jos guede tenan” saha dipunsengkuyung mawi *tuturan* “*lebih besar, gurih muantep tenan.*” *Rokok* menika dipunwastani langkung ageng saha gurih, satemah nuwuhaken raos sekeca, remen saha marem dhateng tiyang ingkang *ngrokok*.

Mawi *prinsip pemahaman* wacana kados ing inggil menika, data (43) saged dipunpendhet *inferensi* “*rokok* *djarum 76* langkung jos saha mantep amargi wujudipun ingkang ageng saha raosipun ingkang gurih.” *Inferensi* menika kalebet jinis *inferensi* wacana *ekonomi*. Titikanipun data (43) menika kalebet *inferensi* wacana *ekonomi* inggih menika, 1) ngginakaken *istilah-istilah* mligi bab wacana *ekonomi* inggih menika *merk dagang rokok* *djarum 76*, 2) ngewrat kabetahan *primer* ugi *skunder* manungsa, inggih menika bab *rokok* minangka *barang*

kabetahan *skunder* ingkang dipunbetahaken tiyang.

4) *Inferensi* Wacana Budaya

Tep Kalem, Monggo Mas

Rasah Kemaki Lan Ojo Kemlinthi

Rasah Ngrasani Tanggane

Nek Lewat Mbok Ya Aruh-Aruh

O1: Budayakan Tegur Sapa

O2: Anda Sopan Kami Segan

Data (29/23-01-2016)

Inferensi saking WMBJ saged dipunpendhet mawi *prinsip analogi* (PA) saha *prinsip penafsiran lokal* (PPL). Mawi PA data (29) saged dipunmangertosi bilih “*kemaki saha kemlinthi*” inggih menika tembung ingkang asring katrepaken dhateng tiyang ingkang *sombong* saha boten gadhah unggah-ungguh. Dene “*budayakan tegur sapa* (dibudayakake sapa aruh)” Adatipun tiyang Jawi menawi miyos wonten ngajengipun tiyang kedah sapa aruh saha klamit. Ewah gingsiripun jaman adat menika ical amargi pikantuk daya pangaribawa saking majengipun jaman. Kathah tiyang jaman samenika mliginipun para wiranem ingkang boten mangertos bab unggah-ungguh. Salajengipun “*anda sopan kami segan*” tegesipun menawi kurmat saha nguwaosi dhateng tiyang sanes, tiyang sanes ugi kurmat saha nguwaosi dhateng piyambakipun.

Dene mawi PPL data (29) nggambaraken raos prihatosipun tiyang, amargi ningali kawontenan jaman samenika tiyang Jawi sampun boten gadhah unggah-ungguh. Perkawis menika jumbuh kaliyan *tuturan* “aja kemaki, aja kemlinthi” saha “nek liwat mbok ya aruh-aruh.” Bab menika ugi dipunsengkuyung mawi *tuturan* “*budayakan tegur sapa*” saha “*anda sopan kami*

seگان.” Perkawis menika nedahaken bilih menawi kepanggih tiyang sanes sapa aruh saha klamit, amargi tumindakipun dhiri pribadhi ingkang njalari tiyang sanes saged kurmat utawi nguwaosi dhateng piyambakipun.

Mawi *prinsip pemahaman* wacana kados ing inggil menika, *data* (29) saged dipunpendhet *inferensi* “menawi kepanggih tiyang sanes kedah sapa aruh saha klamit, amargi tiyang sanes saged kurmat saha nguwaosi jalaran unggah-ungguhipun pribadhi tiyang menika.” *Inferensi* menika kalebet jinis *inferensi* wacana budaya. Titikanipun *data* (29) menika kalebet *inferensi* wacana budaya inggih menika, 1) ngginakaken *istilah-istilah* ingkang gegayutan kaliyan kabudayan, *sikap hidup* saha upacara-upacara adat inggih menika aruh-aruh, tegur saha saha unggah-ungguh (anda sopan kami seگان), 2) ngewrat bab *kebiasaan* ingkang asring dipuntindakaken dening masyarakat inggih menika tindak tanduk ingkang tuwuh saha ngrembaka ing kelompok masyarakat tartamtu.

5) *Inferensi Wacana Olahraga* saha Kasarasan

PSIM Jogja 86

PSIM Warisane Simbah

Sugeng tanggap warsa PSIM

PSIM jape methe ora ale

(*Data* no. 34/27-02-2016)

Mawi PA *data* (34) saged dipunmangertosi bilih *PSIM* cekakan saking *persatuan sepak bola Indonesia mataram*, inggih menika salahsatunggaling paguyuban *olahraga sepakbola* saking Kitha Yogyakarta. Paguyuban *sepakbola* menika sampun wonten wiwit jaman penjajahan Belanda, satemah saged

dipunwastani paguyuban saking warisanipun simbah. Salajengipun *PSIM* jape methe menika *slogan* ingkang dipungadhahi dening paguyuban *sepakbola* *PSIM*, menawi ale menika *slogan* saking paguyuban *sepak bola* sanes inggih menika *PSS* cekakan saking *persatuan sepak bola* Sleman.

Dene mawi PPL *data* (34) nggambaraken tiyang sepuh ingkang nedahaken gambar salahsatunggaling paguyuban *sepak bola*. Wacana menika nggambaraken paguyuban *sepakbola* menika sampun madeg dangu. Bab menika jumbuh kaliyan *tuturan* “*PSIM* warisane simbah” saha “sugeng tanggap warsa *PSIM* 86.”

Mawi *prinsip pemahaman* wacana kados ing inggil menika, *data* (34) saged dipunpendhet *inferensi* “*PSIM* ingkang nembe ambal warsa kaping 86 minangka paguyuban *sepakbola* warisan turun tinurun, kanthi *slogan* jape methe sanes ale.” *Inferensi* menika kalebet jinis *inferensi* wacana *olahraga* saha kasarasan. Titikanipun *data* (34) menika kalebet *inferensi* wacana *olahraga* saha Kasarasan inggih menika, 1) ngginakaken *istilah-istilah* tartamtu ingkang gegayutan kaliyan *olahraga sepakbola* inggih menika *persatuan sepak bola Indonesia* (*PSIM*), 2) ngewrat bab *olahraga* inggih menika *olahraga* paguyuban (*klub*) *sepak bola*.

b. *Fungsi Inferensi* Salebeting WMBJ wonten ing Kitha Yogyakarta

1) Sindiran

Data (3) saged dipunpendhet *inferensi* “*korupsi* wonten ing jaman samenika dipuntindakaken kanthi cara sesarengan dening para

pemimpin saha *pejabat* pamarentah, satemah nuwuhaken piwulang awon menawi dipunwarisaken.” *Inferensi* saking *data* (3) gadhah *fungsi inferensi* minangka *sindiran* kangge para *pemimpin* saha *pejabat* pamarentah ingkang asring *korupsi* kanthi cara pribadhi menapa dene sesarengan. Titikanipun *data* (3) minangka *sindiran* inggih menika, ingkang sepisan dipunandharaken ancasipun kangge ngala-ala, ingkang wujudipun celaan saha ejekan kangge para *pemimpin* saha *pejabat* pamarentah ingkang asring *korupsi*. Titikan ingkang angka kalih inggih menika ngginakaken basa ingkang alus ananging, ancasipun andharan menika kangge ngala-ala tumindakipun para *pemimpin* saha *pejabat* pamarentah ingkang asring *korupsi*.

(2) Panyaruwe

Data (30) saged dipunpendhet *inferensi* “dana driyah Kitha Yogyakarta kangge warisan mangsa ingkang badhe dhateng, boten kepareng dipunsade dening pamarentah dhateng pihak *swasta* menapa dene tiyang njawi nagari.” *Inferensi* saking *data* (30) gadhah *fungsi inferensi* minangka panyaruwe kangge pamarentah ingkang asring damel *kebijakan* sadean *dana driyahipun* Kitha Yogyakarta. Titikan *data* (30) minangka panyaruwe inggih menika, ingkang kaping satunggal awujud pambiji ancasipun sae kangge ngeleresaken *kebijakan* pamarentah ingkang asring sadean *dana driyahipun* Kitha Yogyakarta ingkang boten prayogi. Titikan ingkang kaping kalih ngewrat *solusi pemecahan* kanthi *tuturan* “Jogja boten kepareng dipunsade” kangge mungkasi perkawis *kebijakan*

pamarentah ingkang lepat. Titikan ingkang pungkasan gadhah sipat mbangun, *tegas* saha paring daya pangaribawa dhateng perkawis *kebijakan* pamarentah ingkang boten prayogi kanthi sadean *dana driyahipun* Kitha Yogyakarta.

(3) Pamrayogi

Data (6) saged dipunpendhet *inferensi* “prayoginipun pamarentah boten kepareng damel *kebijakan* sadean *dana driyahipun* nagari.” *Inferensi* saking *data* (6) gadhah *fungsi inferensi* minangka pamrayogi dhateng pamarentah gegeyutan kaliyan *kebijakan* sadean *dana driyahipun* nagari ingkang dipunwastani boten prayogi. Titikan *data* (6) minangka pamrayogi inggih menika, ingkang kaping satunggal ngewrat pamanggih kangge ngleresaken *kebijakan* pamarentah ingkang kawastanan *lemah* saha kirang prayogi kanthi asring sadean *dana driyahipun* nagari, ananging boten ngedahaken pamanggih menika dipuntampi saha dipunginakaken dening pamarentah. Titikan ingkang kaping kalih minangka salah satunggaling usada kangge mungkasi perkawis pemerintah ingkang lepat damel *kebijakan* kanthi sadean *dana driyahipun* nagari ingkang kedah dipunleresaken supados saged lumampah sae.

(4) Pangajeng-ajeng

Data (16) saged dipunpendhet *inferensi* “semangat gotong royong minangka upiya kangge damel majengipun Kitha Yogyakarta, ing dinten ambal warsa kaping 259.” *Inferensi* saking *data* (16) gadhah *fungsi inferensi* kangge ngandhareken pangajeng-ajeng dhateng kawonten Kitha Yogyakarta

ingkang langkung majeng saha sae kanthi semangat gotong royong. Titikan *data* (16) minangka pangajeng-ajeng inggih menika, ingkang kaping satunggal ngewrat pamanggih dhateng ingkang dipunkajengaken, inggih menika kawontenan Kitha Yogyakarta ingkang langkung sae saha majeng kanthi semangat gotong royong. Titikan ingkang kaping kalih inggih menika minangka wujud saking perkawis ingkang dados pangajab supados saged kaleksanan, inggih menika saged mujudaken Kitha Yogyakarta ingkang majeng mawi semangat gotong royong.

E. DUDUTAN

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembaran ngengingi *kajian inferensi* salebeting WMBJ wonten ing Kitha Yogyakarta saged dipunpedhet dudutan, iggih menika:

1. jinising *inferensi* salebeting WMBJ adhedhasar wosing wacana ing wilayah Kitha Yogyakarta kapanggihaken wonten 6 jinis, inggih menika 1) *inferensi* wacana *politik*, 2) *inferensi* wacana *sosial*, 3) *inferensi* wacana *ekonomi*, 4) *inferensi* wacana *budaya*, 5) *inferensi* wacana *hukum* saha *kriminalitas* saha 6) *inferensi* wacana *olahraga* saha *kasarasan*. Jinising *inferensi* wacana *militer* boten kapanggihaken salebeting WMBJ ing Kitha Yogyakarta.
2. *fungsi inferensi* WMBJ ingkang kapanggihaken minangka, 1) *sindiran*, 2) *panyaruwe*, 3) *pamrayogi* saha 4) *pangajeng-ajeng*.

KAPUSTAKAN

- Alwi, Hasan, dkk. 2005. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Brown, Gillian saha Yule, George. 1996. *Analisis Wacana*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama. *Terjemah*: I. Soetikno.
- Chaer, Abdul. 2003. *Psikolinguistik Kajian Teoritik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Cummings, Louise. 2007. *Pragmatik: Sebuah Perspektif Multidisipliner*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Fajriatun, Dwi P. 2014. *Kajian Inferensi Wacana Kartun Editorial wonten ing Kalawarti Djaka Lodang Wedalan Mei-Desember 2013. Skripsi S1*. Yogyakarta: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni UNY.
- Hartono, H saha Azis, Arnian. 1999. *Ilmu Sosial Dasar*. Jakarta: PT Bumi Aksara.
- Hudiyanto. 2004. *Ekonomi Politik*. Jakarta: PT Bumi Aksara.
- Indratama, Samuel, dkk. 2008. *Kode Pos Art Project*. Yogyakarta: Jogja Mural Forum (JMF).
- Kridalaksana, Harimurti. 2011. *Kamus Linguistik: Edisi Keempat*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana: Teori, Metode & Aplikasi Prinsip-prinsip Analisis Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Prayogo, Elvino saha Alexander. 2015. *Sejarah Mural*. Yogyakarta: <http://citralekha.com/mural/>.

Dipunpendhet titi wanci 15
April 2016.

- Poerwadarminta, W.J.S. 1939.
Baoesastra Djawa. Batavia:
J.B. Wolters Uitgevers
Maatschappij Groningen.
- Suranto, A.W. 2010. *Komunikasi
Sosial Budaya*. Yogyakarta:
Graha Ilmu.
- Susanto, Mike. 2002. *Diksi Rupa*.
Yogyakarta: Kanisius.
- Syaukani, Imam saha Thohari, A.
Ahsin. 2004. *Dasar-dasar
Politik Hukum*. Jakarta: PT.
Raja Grafindo Persada.
- Tarigan, H.G . 1987. *Pengajaran
Wacana*. Bandung: Angkasa
Bandung.
- Wijana, I Dewa Putu saha Rohmadi,
Muhammad. 2011. *Analisis
Wacana Pragmatik: Kajian
Teori dan Analisis*. Surakarta:
Yuma Pustaka.